



Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY 10 MILYON DOLA ATRAVÈ PWOGRAM SIBVANSYON POU PREVANSYON TEWORIS LOKAL

Konte yo nan tout eta a ak Vil New York pral resevwa finansman sibvansyon pou sipòte efò pou redui vyolans lokal

Somè ekip evalyasyon menas nan tout eta a te fèt semèn sa a

Yo te akòde 20 milyon dola depi kòmansman pwogram lan an 2022

Gouvènè Kathy Hochul te anonse 10 milyon dola nan prim pou Pwogram Sibvansyon pou Prevansyon Teworis Lokal (Domestic Terrorism Prevention, DTP). Lajan yo bay nan pwogram sa a yo vize pou amelyore efò nasyon Eta a pou anpeche teworis lokal ak vyolans sible atravè Eta a.

"Nou p ap janm bliye zak vyolans rasis ak terib ki te fèt nan Buffalo, vil mwen an, lè yo te touye 10 moun san sans sèlman akòz koulè po yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwoteje Nouyòkè yo se pi gwo priyorite mwen, epi finansman sa a pral bay kominote yo resous yo bezwen pou yo elimine plis fleyo laterè lokal epi kenbe vwazen nou yo an sekirite."

Sa a se dezyèm ane ke sibvansyon yo te disponib atravè pwogram sa a. Nan jou apre atak la nan Buffalo, 14 me 2022, Gouvènè Hochul te pibliye [Dekrè Egzekitif 18](#) ki egzije pou chak konte ak Vil New York elabore plan pou fè fas ak teworis lokal epi kreye premye Inite Prevansyon Teworis Lokal (Domestic Terrorism Prevention Unit, DTPU) New York la nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) la pou sipèvize inisyativ enpòtan sa a.

Anplis kreyasyon nouvo Inite a, Dekrè Egzekitif la te gen ladan tou 10 milyon dola nan finansman eta ki te disponib pou tout konte nan Eta New York yo ak Vil New York pou sipòte inisyativ pou prevansyon teworis lokal yo ki enkli devlopman ekip miltidisciplinè pou Evalyasyon ak Jesyon Menas (Threat Assessment and Management, TAM).

Depi Dekrè Egzekitif 18 la te siyen, 44 konte ak Vil New York kounye a gen ekip TAM yo, ki te revize plis pase 2,000 ka ansanm. Manm ekip sa yo kapab genyen lapolis, pwofesyonèl sante mantal, ofisyèl lekòl yo, gwo anplwayè yo, sistèm swen sante yo, ak lòt founisè sèvis gouvènman ak san bi likratif. Depi 2023, DTPU te òganize 53

fòmasyon ke prèske 1400 Nouyòkè te patisipe sou evalyasyon ak rapò menas, ki anseye patisipan yo kijan pou yo idantifye ak jere menas vyolans sible ak teworis lokal. Pou kontinye bati sou travay enpòtan sa a, plis pase 250 manm Ekip TAM te rankontre semèn sa a nan Albany pou pataje pi bon pratik epi diskite sou defi ak solisyon komen yo.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Nouyòkè yo merite santi yo an sekirite nan kominote yo. Finansman sa a se yon zouti pou ede ekip ki soti nan plizyè disiplin tankou pwofesyonèl sante mantal, edikatè ak lapolis travay ansanm pou ede anpeche teworis lokal ak lòt zak vyolans mas anvan yo rive."

Vil New York ak konte ki endike anba la yo pral resevwa yon prim 172,413 dola pou ede konpanse depans pou devlope ekip TAM yo epi mete ajou Plan Prevansyon Teworis Lokal yo.

Konte Albany
Konte Allegany
Konte Broome
Konte Cattaraugus
Konte Cayuga
Konte Chautauqua
Konte Chemung
Konte Chenango
Konte Clinton
Konte Columbia
Konte Cortland
Konte Dutchess
Konte Erie
Konte Essex
Konte Franklin
Konte Fulton
Konte Genesee
Konte Greene
Konte Hamilton
Konte Herkimer
Konte Jefferson
Konte Lewis
Konte Livingston
Konte Madison
Konte Monroe
Konte Montgomery
Konte Nassau
Vil New York
Konte Niagara

Konte Oneida
Konte Onondaga
Konte Ontario
Konte Orange
Konte Orleans
Konte Oswego
Konte Otsego
Konte Putnam
Konte Rensselaer
Konte Rockland
Konte Schenectady
Konte Schoharie
Konte Schuyler
Konte Seneca
Konte St Lawrence
Konte Steuben
Konte Suffolk
Konte Sullivan
Konte Tioga
Konte Tompkins
Konte Ulster
Konte Warren
Konte Washington
Konte Wayne
Konte Westchester
Konte Wyoming
Konte Yates

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò n ap fè pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj](#), Facebook DHSES, swiv @NYSDHSES sou Twitter ak Instagram, oswa ale sou dhses.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)